

KONFLIK SAJRONE CERBUNG WAYANG MBUJUJ LINTANG ANGGITANE ST. SRI PURNANTO

Andreanes Fismathika Primatama

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA dan Tikethotel2014@gmail.com

Pembimbing

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA

Abstrak

Cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* mujudake salah sawijining reiptan sastra Jawa modern kang ditulis dening ST. Sri Purnanto. Cerbung iki kapilih dadi objek sajrone panliten amarga ngandhut konflik kang nggambarake urip bebrayan. Paraga-paraga sajrone cerbung iki ngalami konflik kang narik kawigaten. Underane panliten iki yaiku (1) kepriye konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto? (2) apa kang ndadekake panyebab tuwuhe konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto? (3) Kepriye Pungkasane konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto?. Selaras karo undere panliten dingerteni tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake wujud konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto. (2) ngandharake apa kang ndadekake panyebab tuwuhe konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto. (3) ngandharake pungkasan konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto. Paedahe panliten yaiku ngrembakakake panliten sastra mligine sastra Jawa modern, bisa nambahi kawruh tumrap pamaca lan bisa nambahi bahan rujukan dening panliti sabanjure. Metodhe kang digunakake sajrone panliten yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhatane panliten arupa cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* kang kapacak ing kalawarti Panyebar Semangat sing cacahane ana 10 seri, yaiku saka No.16 sasi Mei nganti No. 26 sasi Juni taun 1999. Dhatane panliten yaiku frase, tembung lan ukara sajrone cerbung. Olehe nglumpukake dhata kasebut digunakake teknik kapustakan. Kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata digunakake metodhe dheskriptif analisis kanthi titingan struktural. Asile panliten iki bisa dipरणg dadi telu. Perangan sepisan yaiku wujud konflik internal lan eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang*. (1) konflik internal kang ana sajrone cerbung yaiku rasa nelangsa, rasa getun, lara ati lan rasa mamang. (2) konflik eksternal yaiku iri marang wong liya, ngapusi wong liya lan ngancam wong liya. Perangan kang kaping loro ngenani panyebab tuwuhe konflik yaiku (1) faktor ekonomi, (2) limbah pabrik, (3) monopoli dagang. Perangan kaping telu yaiku Pamungkasing konflik. Pamungkasing konflik kang digambarake dening pangripta yaiku asipat ora tumutup.

Tembung wigati: konflik, konflik internal, konflik eksternal.

Abstrak

Cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* merupakan salah satu tulisan sastra Jawa modern yang ditulis oleh ST. Sri Purnanto. Cerbung ini dipilih sebagai objek penelitian karena mengandung konflik yang menggambarkan kehidupan masyarakat. Tokoh-tokoh dalam cerbung ini mengalami konflik yang menarik perhatian. Rumusan masalah ini yaitu (1) bagaimana konflik internal dan eksternal dalam cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* karya ST. Sri Purnanto?, (2) apa yang menjadi penyebab timbulnya konflik crita dalam cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* karya ST. Sri Purnanto?, (3) bagaimana penyelesaian konflik internal dan eksternal dalam cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* karya ST. Sri Purnanto?. Selaras dengan rumusan masalah bisa dimengerti tujuan dari penelitian ini yaitu (1) menyatakan konflik internal dan eksternal dalam cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* karya ST. Sri Purnanto, (2) menyatakan apa yang menjadi penyebab timbulnya konflik crita dalam cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* karya ST. Sri Purnanto, (3) menyatakan penyelesaian konflik internal dan eksternal dalam cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* karya ST. Sri Purnanto. Manfaat dari penelitian ini yaitu mengembangkan penelitian sastra khususnya sastra Jawa modern, bisa menambah ilmu terhadap pembaca dan bisa menambah bahan rujukan oleh penelitian selanjutnya. Metode yang digunakan dalam penelitian ini yaitu metode deskriptif kualitatif. Sumber data penelitian berupa cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* yang dimuat dalam majalah *Panyebar Semangat* yang banyaknya ada 10 episode, yaitu dari no. 10 bulan Mei tahun 1999 sampai no.26 bulan Juni tahun 1999. Data penelitian yaitu frase, kata dan kalimat dalam cerbung. Pengumpulan data tersebut digunakan teknik studi kapustakan. Untuk menjelaskan data digunakan metode deskriptif analisis dengan kajian struktural. Hasil dari penelitian ini bisa dibagi menjadi tiga. Yang pertama mengenai konflik internal dan konflik eksternal dalam cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* (1) konflik intrinsik dalam cerbung adalah rasa nelangsa, rasa menyesal, sakit hati dan rasa ragu-ragu. (2) konflik eksternal yaitu iri dengan orang lain, menipu orang lain dan mengancam orang lain. Yang kedua

mengenai penyebab timbulnya konflik yaitu (1) faktor ekonomi, (2) limbah pabrik, (3) monopoli dagang. Yang terakhir yaitu penyelesaian konflik yang bersifat tidak tertutup.

Kata kunci : konflik, konflik internal, konflik eksternal.

PURWAKA

Sastra Jawa modern mujudake sastra Jawa kang ana ing bebrayan saiki. Sastra Jawa modern ngrembaka wiwit jaman Balai Pustaka, yaiku diwiwiti saka terbite novel *Serat Riyanto* anggitane RM. Anane sastra Jawa modern bisa dideleng saka telung medhia basa Jawa kang isih ngrembaka nganti saiki ing Jawa Timur lan Jawa Tengah, katelu kalawarti kang nggunakake basa Jawa kasebut yaiku *Panyebar Semangat* lan *Jaya Baya* kang terbit ing Jawa Timur, lan *Jaka Lodhang* kang terbit ing Jawa Tengah (Darni, 2015:4).

Sastra Jawa modern mujudake genre sastra kang oleh pangaribawa saka sastra manca. Wujude saka karya sastra Jawa modern saemper karo sastra manca, kayata: *short story* utawa crita cekak, *long story* utawa crita sambung, *poem* utawa geguritan, lan novel (Rass, 1985:8). Tuwuh maneh genre kang ngrembaka yaiku cergam utawa crita bergambar yaiku genre kang tuwuh saka gabungan antarane seni lukis lan seni sastra. Jinis kang pungkasan bisa diarani genre prosa. Jinis iki minangka daya pangribawa langsung saka sastra barat, utamane sastra Belanda Hatomo (sajrone Damono, 2001:278).

Cerita sambung utawa cerbung mujudake salah sawijine genre sastra Jawa modern kang ngrembaka nganti saiki. Cerbung mujudake perangan crita kang lumayan dawa, akeh lan jangkep. Jangkep lan dawane crita kang disuguhake ora akeh nyritakake babagan panguripan bebrayan, lan uga kajupuk saka pengalaman uripe pangripta. Bab iki disengkuyung dening Santoso (2010:47) menawa crita cerbung luwih nengenake peranganing panguripan manungsa kang sawayah-wayah bisa owah, pangowah-owahane kuwi minangka sawijine kesatuan kang *dinamis*.

Crita sambung (cerbung) nduweni struktur padha karo novel, crita cekak (cerkak), uga roman. Reriptan sastra kabeh kuwi mau nduweni unsur tema, amanat, pamaragan, alur, lan latar sajrone crita. Ngrembakane novel Jawa modern diwiwiti anane cerbung kang dimot ing sawetara kalawarti lan layang kabar. Salah sawijine kalawarti kang biyasane ngemot cerbung yaiku kalawarti *Panjebar Semangat*. Akeh kang bisa dingerteni sarjone cerbung, jalaran cerbung kalebu sawijine medhia minangka kaca benggallane urip ing bebrayan. Adhedhasar pamawas kuwi mau bisa dingerteni yen dideleng saka gandheng rentenge karo cerbung, ngrembakane novel Jawa modern jalaran anane cerbung kang nduweni peran kang wigati. Cerbung minangka wadhah kanggo medharake angen-angen lan imajinasi. Cerbung bisa didadekake objek panliten nganti saiki. Hakekat cerbung yaiku minangka pamedhar jiwane pangripta kang cara medharake yaiku kanthi cara ditugel-tugel miturut babak-babake. Pamawas iki digunakake dening pangripta kanggo trik supaya bisa nuwuhake rasa penasarane para pamaos sastra (Teguh, 2006).

Cerbung *Wayang Mbujung Lintang* minangka salah sawijine karya sastra modern kang dianggit dening ST. Sri Purnanto. Cerbung *Wayang Mbujung Lintang* iki kapacak ing kalawarti Panjebar Semangat sing cacahane 10 seri, yaiku saka No.16 sasi Mei taun 1999 nganti No. 26 sasi Juni 1999. Cerbung *Wayang Mbujung Lintang* iki kalebu sawijine cerbung kang nduweni seri ora akeh. Cerbung iki kalebu cerbung kang lawas banget, bedane cerbung lawas lan cerbung jaman saiki yaiku yen cerbung lawas serine ora akeh, setaun kalawarti bisa kamot loro nganti telung cerbung. Beda yen cerbung ing jaman saiki kang critane dawa lan serine akeh, ana sing nganti pat likur seri.

Salah sawijine bab kang narik kawigaten saka anane karya sastra yaiku bab konflik kang ana sajrone crita. Kepriye pangripta anggane nggambarake konflik kang ana sajrone crita kang dialami dening paraga. Konflik kang dialami dening paraga mujudake bab kang wigati banget amarga sajrone crita ora bisa diarani crita yen ora ana allure, amarga pamaos bisa ngerteni isi crita yen ngerteni alur critane. Alur utawa plot mujudake apa kang ditindakake dening paraga lan kedadayan kang dialami dening paraga sajrone crita (Kenny sajrone Nurgiyantoro, 2007:75). Sawijine crita bisa narik kawigaten yen ing crita kasebut nuwuhake konflik-konflik sing bisa ndadekake alur critane dadi ruwet.

Konflik minangka samubarang kang dramatik, munjer marang kedadayan ing antarane loro kekuwatan kang padha lan nuwuhake aksi lan aksi walesan (Wellek & Werren, 1995:285). Konflik uga diperang dadi rong jinis yaiku internal lan eksternal. Konflik internal kang kerep sinebut konflik batin utawa konflik kang dialami lan dumadi saka jrone atine paraga. Konflik eksternal mujudake konflik kang tuwuh amarga ana faktor panyebab saka sakupenge paraga.

Selaras karo apa kang wis diandharake kasebut, panliten iki trep yen migunakake tintingan struktural amarga bakal ngonceki alur sajrone crita kang nggambarake konflik. Konflik minangka bageyan saka alur kang kalebu unsur intrinsik sajrone karya sastra. Panliten structural diwawas luwih objektif (nengenake aspek intrinsik sawijine karya sastra) amarga mung adhedhasar karya sastra iku dhewe kanthi ora anane cawe-cawe saka njaba.

Objek kang digunakake ing panliten iki yaiku cerbung “Wayang Mbujung Lintang” anggitane ST. Sri Purnanto. Cerbung “Wayang Mbujung Lintang” iki kalebu cerbung lawas amarga kapacak ing taun 1999 saka kalawarti *Panjebar Semangat*. Saka anane konflik kang dialami dening paraga sajrone cerbung kasebut narik kawigaten kanggo ndudhah isine. Gegayutan karo anane problem pparaga kang nggambarake konflik iku mau, mula cerbung “Wayang mbujung Lintang” iki bakal ngandharake maneka warna konflik sing anal an pungkasane saka konflik kasebut. analisis kang

digunakake sajrone panliten iki yaiku ngenani struktur karya sastra kang ditujokake marang konflik.

sajrone karya sastra kanthi utuh (Teeuw, 1988:112).

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang wis diandharake kasebut, underane panliten yaiku :

1. Kepriye konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto?
2. Apa kang ndadekake panyebab tuwuh konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto?
3. Kepriye Pungkasane konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten kang wis diandharake kasebut, underane panliten yaiku :

1. Ngandharake konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto.
2. Ngandharake apa kang ndadekake panyebab tuwuh konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto.
3. Ngandharake pungkasan konflik internal lan konflik eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto.

Paedahe Panliten

Kanthi anane panliten iki nduweni paedah yaiku :

1. Bisa nambahi kawruh tumrap pamulangan sastra mligine ngenani konflik internal lan eksternal kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujuj Lintang*.
2. Bisa menahi sumbangsih tumrap pangrembakane basa, sastra lan budaya jawa sarta bisa nambahi bab kang kurang saka panliten-panliten sadurunge ngenani babagan kang saemper kang diandharake ing panliten sadurunge.

Wewatesane Tetembungan

- 1) Konflik
Konflik mujudake sawijine proses sosial antarane pawongan utawa sagolongan uwong, kanggo nyingkirake liyan kang dianggep mungsuh kanthi ngrusak utawa nglumpuhake liyan (Nurgiyantoro, 2007:122).
- 2) Cerbung
Awujud crita sing ora mung sepisan kapacak ing majalah utawa kalawarti-kalawarti liyane, nanging uga kapacak bola-bali (Nurgiyantoro, 2007:2).
- 3) Alur
Sawijine istilah teknis kang nggayutake kedadeyan-kedadeyan sajrone crita (Robert W. Boynton lan Maynard Mack sajrone Sukada, 1993:70).
- 4) Struktural
Salah sawijine titingan kang dienggo nitingi karya sastra, saengga bisa dimangerteni makna

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

- 1) Agustina (2007) kanthi irah-irahan "*Konflik Tokoh Dalam Cerbung Asmaradana Pangikete Tresna Asih Karya NY. Suyati yang Dimuat Pada Majalah Jaya Baya Tahun 2003*" adhedhasar panliten kasebut diandharake (1) tema mayor yaiku katresnan, tema minor konflik katresnan sejati, (2) paraga utama Utari lan Yanto, paraga tambahan Doni, Si Mbok, Mardi, Mul, Dar, (3) alur crita maju ngandharake saka tetepungan, konflik, klimaks lan pamungkasane kanthi cara urut (4) latar crita ing desa, yaiku sawah lan latar kutha, yaiku Solo lan Semarang. Konflik tokoh yaiku (1) motif kang nuwuhake konflik yaiku prekara ekonomi, kurang tanggung jawab lan KDRT. (2) Konflik kang dialami dening paraga kalebu konflik manungsa klawan manungsa kang ditandang dening paraga : Utari lan Yanto, Utari lan Doni, Utari lan Wong Tuwane, Utari lan dulure. (3) Wujud Pungkasane konflik yaiku happy ending.
- 2) Apriani (2010) kanthi irah-irahan "*Konflik Sosial ing Cerbung Sing Kendhang lan Sing Nggadhang anggitane Suryadi W.S.*" adhedhasar panliten kasebut ngandharake (1) konflik sosial sajrone cerbung SKSN diperang dadi telu, yaiku konflik kapitayan bab agama, konflik wong omah-omah, lan konflik asmara. (2) panyebab konflik disebabake faktor agama. (3) Pungkasane konflik yaiku happy ending.
- 3) Hanum (2015) kanthi irah-irahan "*Konflik sajroning Antologi Crita Cekak Mawar Abang anggitane Ariesta Widya*" adhedhasar panliten kasebut ngandharake (1) Konflik internal sajrone ACCMA yaiku rasa sedhik, rasa khawatir, rasa rangu-rangu lan rasa isin. (2) konflik eksternal yaiku konflik sosial antar-individu, konflik kang disebabake kawicaksanan pamarentah, lan konflik amarga pilih kasih. (3) Pungkasane konflik diperang dadi telu, yaiku kanthi wicaksana, ngukuhi jejibahan lan kanthi cara meksa.

Titingan Struktural

Strukturalisme minangka pamarekan kang asipat objektif sejatine wis ana wiwit jaman Yunani kang ditepungake dening Aristoteles. Strukturalisme minangka salah sawijine panliten kasusastran kang luwih nengenake sesambungan antarane unsure pamangune karya sastra siji karo unsure pamangune karya sastra liyane (Abrams, sajrone Nurgiyantoro, 2007:36-37). Teori struktural nduweni ancas kanggo njelentrehake kanthi cetha sakabehane makna sastra.

Stanton (sajrone Pradopo, 2001:57) njelentrehake unsure-unsur pamangun struktur iku dumadi saka tema, kasunyatan crita, lan sarana sastra. Kasunyatan crita iku dhewe dumadi saka alur, tokoh, lan latar, sarana sastra

biyasane dumadi saka sudut pandang utawa *point of view*, lelewaning basa, lan swasana, symbol-simbol, imaji-imaji lan uga cara-cara pamilihan judhul. Sajrone karya sastra, fungsi sarana sastra yaiku nylarasake kasunyatanane crita karo tema saengga makna karya sastra iku bisa dipahami kanthi cetha.

Jean Piaget (sajrone Ratna,2013:84) ngandharake struktur karya sastra ngandhut telung bab kang wigati, yaiku 1) gagasan sakabehane (*wholness*), kang nduweni teges struktur kuwi minangka barang kang wutuh yaiku perangan-perangan kang mangun struktur sing ora bisa madeg dhewe ing sanjabane struktur kasebut, 2) gagasan *transformasi (transformation)*, gagasan iki nduweni struktur kang bisa mujudake prosedhur transformasi kanthi sinambungan lan bisa mujudake bahan-bahan anyar, 3) gagasan *regulasi dhiri (self regulation)*, gagasan iki mbutuhake bab ing sanjabane awak kanggo mertahanake prosedhur transformasine, struktur kasebut asipat otonom marang rujukan sistem liya.

Saka konsep-konsep ing ndhuwur, salah sawijine upaya kang ditindakake kanggo ngonceki karya sastra yaiku analisis struktur. Prinsip analisis structural yaiku ndudhah lan njlentrehake reriptan sastra kang ditujokake kanggo nitingi reriptan sastra kanthi jangkep, titi, rinci, lan premati, saengga bisa dimangerteni makna reriptan sastra kanthi wutuh (Teeuw,1988:135).

Analisis struktur munjer ing karya sastra iku dhewe. Panulis kang ana ing sajrone nganalisis struktur pambédane unsur kang dominan tartamtu kudu digatekake, saengga analisis struktur bisa luwih nengenake unsur kang paling dominan utawa luwih onjo (Teeuw,1988:137). Analisis struktur ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki munjer ing perangan alur mligine konflik minangka perangan kang paling dominan. Senajan unsur kang paling doinan yaiku alur nanging ing panliten iki uga bakal ngandharake tema, paraga lan setting utawa latar.

Tema

Tema mujudake unsur kang penting lan dadi dhasare pangripta kanggo ngrembakake crita. Miturut Staton (sajrone Nurgiyantoro, 2007:70) ngandharake tema yaiku sawijine crita kang sacara mligi ngandharake unsur kang ana sajrone crita kanthi cara kang sederhana. Aminuddin (2010:91) ngandharake tema mujudake ide yang dadi dhasare crita sahingga bisa nduweni peran kanggo titik tolake pangripta sajrone ngandharake karya fiksi.

Karya fiksi apa wae kuwi mesthi nduweni tema amarga tema kuwi wis pakem sajrone karya fiksi lan ora bisa uwal. Tema-tema kang ana ing karya fiksi kasebut bisa dingerteni saka anane unsur-unsur intrinsik karya sastra (Nurgiyantoro, 2007:92). Kanggo ngerteni tema kang ana sajrone crita, Aminuddin (2010:92) menahi andharan tatacara kanggo ngerteni tema kang ana sajrone crita. Tata carane yaiku kaya ing ngisor iki.

- 1) Mangerteni setting kang ana sajrone crita.
- 2) Mangerteni pamaragan lan watak paraga sajrone crita.

- 3) Mangerteni kedadeyan, pokok pikiran lan tahap kedadeyan sajrone crita.
- 4) Mangerteni plot utawa alur crita.
- 5) Nggayutake pokok-pokok pikiran siji lan liyane kang bisa digawe dudutan saka kedadeyan-kedadeyan kang ana sajrone crita.
- 6) Nemtokake sikap pangripta kanggo pokok-pokok pikiran kang diandharake.
- 7) Klasifikasikake apa tujuwane pangripta ngandharake crita lan sikap pangripta sajrone pokok-pokok pikiran kang diandharake.
- 8) Nafsirake lan menahi dudutan tema crita dadi siji utawa 2 ukara.

Tema mujudake bagian saka unsur intrinsik kang ana sajrone crita, mula saka kuwi tema uga bisa diarani dhasar pangrembakane crita.

Setting utawa Latar

Setting utawa latar kuwi mesthi gegayutan karo panggonan, gegayutan karo wektu lan lingkungan sosial panggonane kedadeyan kang dicritakake (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2007:216). Bab kasebut selaras karo apa kang diandharake dening Wellek lan Werren (1995:220-221) latar uga nduweni fungsi kanggo ngekspresikake watak lan pepinginan uga nduweni gegayutan kang raket karo alam lan manungsa.

Latar sajrone karya sastra mujudake landhesan kanggo miwiti crita. Latar ing karya sastra diperang dadi loro miturut sipat kang umum (Nurgiyantoro, 2007:221).

- 1) Latar Netral

Latar netral mujudake latar kang ora nduweni lan ora dheskripsikake sipat kang khas utawa mligi. Latar kuwi ora nduweni sipat fungsional lan ora gegayutan karo kohesif unsur fiksi sing liyane.

- 2) Latar tipikal

Latar tipikal ana sipat kang paling onjo yaiku gegayutan karo unsur panggonan, waktu lan sosial. Bab kasebut uga selaras karo apa kang bakal diandharake ing cerbung iki ngenani latar yaiku gegayutan karo panggonan, wektu lan sosial. Miturut Nurgiyantoro (2007:227) unsur-unsur latar diperang dadi telu yaiku:

- (1) Latar Panggonan

Latar panggonan mujudake latar kang ngener ing lokasi utawa panggonane kedadeyan kang dicritakake sajrone karya fiksi.

- (2) Latar Wektu

Latar wektu mujudake latar kang nduweni gegayutan karo kapan kedadeyan kasebut ditindakake. Latar wektu uga bisa dadi latar kang paling onjo yen digarap kanthi tliti. Ana ing saperangan karya fiksi sing sengaja nggawe latar wektu ora onjo, bab kasebut amarga miturut pangripta latar wektu mujudake samubarang kang ora penting.

- (3) Latar Sosial

Latar sosial mujudake latar kang ngener ing kadadeyan kang ana gegayutane karo solah bawane masyarakat ing sawijine panggonan kang dicritakake sajrone karya fiksi. Tata cara panguripan soziale masyarakat kang gegayutan karo masalah sajrone lingkup kang kompleks yaiku kayata kabiasaan urip, cara mikir, solah bawa lan liya-liyane.

Paraga lan Pamaragan

Paraga mujudake pawongan kang ditampilake sajrone karya naratif, utawa drama, kang dening pamaos ditafsirake nduweni kualitas moral lan kecenderungan tartamtu, kayata kang diekspresikan mawa pocap lan apa wae kang ditindakake Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2007:165). Paraga yaiku pawongan kang melu ngupaya kedadean lelakon, saengga bisa mujudake sawijining crita (Najid, 2003:23). Paraga manggon ing panggon kang strategis, minangka kang nggawa lan ngaturake pitutur, amanat, moral, utawa samubarang kang sengaja pengin diandharake marang pamaos (Nurgiyantoro, 2007:167).

Miturut Nurgiyantoro, (2007:165) Pamaragan yaiku gambaran kang cetha ngenani paraga kang ditampilake sajrone crita. Pamaragan iku unsur crita kang ora bisa diilangake. Kanthi anane pamaragan, sawijining crita bakal dadi nyata lan luwih urip. Kanthi pamaragan iku, pamaos bisa gamblang mbayangake wujud manungsa utawa makhluk liya kang panguripane lagi dicritakake dening pangripta (Najid, 2003:23).

Gegayutan karo bab pamaragan, miturut Aminudin (2010:80-81) watake paraga sajrone novel bisa dimangerteni saka: (1) tuturan langsung saka pangripta babagan karakteristike paragane, (2) gegambaran kang diwenehake pangripta saka deskripsi bab kahanane paraga ana satengahing bebrayan, utawa carane abusana, (3) gambaran tumindake paraga, (4) saka kepriye cara kahanane paraga kuwi ngomongake ngenani awake, (5) saka kepriye pamikiranane paraga, (6) saka paraga liya kang ngomongake paraga utama, (7) saka kepriye carane paraga liya nalika cecaturan karo paraga utama, (8) saka paraga-paraga liya kang menahi reaksi marang paraga utama, lan (9) saka kepriye paraga utama kuwi menahi reaksi marang paraga liyane.

Paraga kuwi uga nduweni sesambungan karo konflik kang ana sajrone crita mligine ing cerbung *Wayang Mbujujng Lintang*. Konflik bisa tuwuh amarga anane paraga lan paraga uga kang ngalami konflik kasebut. Bab kasebut selaras karo apa kanga rep diandharake ing panliten iki yaiku ngenani konflik kang dialami dening paraga sajrone cerbung *Wayang Mbujujng Lintang*.

Alur (Plot)

Alur mujudake salah sawijine unsur intrinsik karya sastra. Alur nduweni andhil kang wigati banget tumrap lumakune crita sajrone karya sastra, akeh panemu kang nganggep alur minangka babagan kang paling wigati ing antarane unsure intrinsik liyane.

Wellek Warren (1995:285) ngandharake yen alur kasungsun saka pirang-pirang struktur naratif sing luwih cilik (episodhe kedadeyan). Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 2007:113) uga ngandharake alur yaiku crita kang isine arupa kedadeyan, nanging saben kedadeyan kasebut disebabake krana unsur sebab-akibat, kedadeyan siji disebabake utawa nyebabake kedadeyan liyane. Panemune Stanton kasebut nduweni teges kedadeyan-kedadeyan kang tuwuh sajrone crita ora nduweni sipat apa anane, pangripta ngronce sakabehe kedadeyan kasebut nganggo adhedhasar sebab-akibat. Selaras karo

apa kang diandharake dening Foster (sajrone Nurgiyantoro, 2007:113) alur yaiku kedadeyan-kedadeyan sajrone crita kang luwih nengenake marang anane sesambungan kausalitas.

Adhedhasar titikan gunggungge, Nurgiyantoro (2007:157) merang alur utawa plot dadi rong bageyan yaiku plot tunggal lan plot sub-plot. Plot tunggal nggambarake salah sawijine crita kanthi nampilake sawijine paraga utama protagonist, dene plot sub-plot yaiku sawijine karya fiksi bisa uga nduweni luwih saka siji alur crita kang dicritakake utawa luwih saka sawijine paraga kang dicritakake. Dideleng saka peranane sajrone crita plot utama luwih nduweni andhil lan luwih wigati tinimbang sub-plot kasebut. Anane plot ditemtokake dening telung unsur yaiku 1) kedadeyan, 2) konflik, lan 3) klimaks.

Unsur Pembangun Alur (Plot)

Alur utawa plot mujudake bab kang paling wigati sajrone karya sastra. Alur nduweni unsur sing kawangun saka kedadeyan, konflik lan klimaks. Nurgiyantoro (2007:116) ngandharake kedadeyan, konflik lan klimaks mujudake telung unsur esensial sajrone pangrembakane sawijine alur crita. Katelu unsure kasebut nduweni sesambungan kang wujud kerucut. Diwiwiti saka kedadeyan konflik banjur klimaks.

Kedadeyan

Kedadeyan mujudake bab kang wiwitan sajrone unsur pambangun. Luxemburg dkk (1989:150) ngandharake kedadeyan yaiku oncate kedadeyan saka kahanan siji menyang kahanan liyane. Kedadeyan-kedadeyan kang tuwuh sajrone karya fiksi tamtu akeh banget, nanging ora kabeh kedadeyan kasebut nduweni bukti kanggo nyengkuyung plot.

Luxemburg dkk (1989:150) ngandharake kedadeyan kaperang dadi telung jinis yaiku kedadeyan *fungsiional*, kedadeyan *kaitan* lan kedadeyan *acuan*. Kedadeyan *fungsiional* yaiku kedadeyan-kedadeyan sing nemtokake lan mangaribawani pangrembakane plot. Urutan kedadeyan *fungsiional* mujudake inti crita sawijine karya fiksi sing nduweni sesambungan. Anane kedadeyan-kedadeyan kang nduweni sesambungan karo logika sajrone crita ora bisa diowahi utawa diganteni. Yen diowahi bisa ndadekake crita bisa malih utawa ora logis maneh.

Kedadeyan *kaitan* yaiku kedadeyan-kedadeyan kang nduweni fungsi kanggo nggayutake kedadeyan-kedadeyan kang wigati. Kedadeyan *kaitan* kurang mangaribawani pangrembakane plot crita. Ateges yen diowahi ora bakal ngowahi unsure logis sajrone crita. Kedadeyan *kaitan* uga bisa diarani kedadeyan selingan.

Kedadeyan sing pungkasan yaiku kedadeyan *acuan*. Kedadeyan *acuan* yaiku kedadeyan kang ora langsung nduweni pangaribawa lan gegayutan marang alur utawa plot, nanging munjer ing unsur-unsur liya kaya prakara watake paraga utawa kahanan batin paraga. Tegese ing kene dudu alur kedadeyan kang dicritakake nanging kahanan alam lan batin (Luxemburg, 1989:151).

Konflik

Peran pangripta kanggo milih lan nuwuhake konflik lumantar maneka warna kedadeyan, bakal nemtokake drajat estetis orane, lan kadar *suspense* sajrone crita. Meredith Fitzgerald (sajrone Nurgiyantoro, 2007:122) ngandharake yen konflik yaiku samubarang kang asipat ora nyenengake kang dialami dening paraga sajrone crita, yen paraga iku nduweni pilihan, paraga iku ora bakal milih lelakon iku dialami dening dheweke. Wellek & Werren (1995:285) uga ngandharake konflik yaiku samubarang kang asipat dramati, luwih nengenake bab perang antarane rong kekuwatan kang imbang lan nyiratake anane tumindak lan piwales tumindak.

Tarigan (1985:134) ngandharake konflik-konflik kang bisa diangkat sajrone karya fiksi bisa awujud konflik kang dumadi antarane manungsa klawan manungsa iku dhewe, manungsa klawan manungsa liyane, lan manungsa klawan alam (konflik fisik, konflik eksternal, lan konflik jasmaniah). Sajrone urip bebrayan, ora ana manungsa kang ora tau nduweni konflik. Satemah manungsa kuwi isih urip ing alam donya iki lan isih sesambungan karo manungsa liyane, manungsa mesthi tau nduweni lan ngalami konflik.

Nurgiyantoro (2007:124) merang konflik dadi loro yaiku:

- 1) Konflik *internal*, yaiku konflik kang dumadi ing njero ati, utawa batin salah sawijine paraga crita. Dadi konflik internal mujudake konflik kang dialami manungsa karo awakdhewe. Tegese mujudake masalah *intern* sawijine manungsa.
- 2) Konflik *eksternal*, yaiku konflik kang dumadi antarane sawijine paraga karo bab-bab kang ana sanjabane paraga kasebut, bisa uga karo lingkungan alam kang ana ing sakupenge lan bisa uga karo manungsa liyane. Kanthi mangkono konflik *eksternal* bisa diperang dadi rong jinis, yaiku konflik fisik lan konflik sosial. Konflik sosial yaiku konflik kang disebabake anane kontak sosial antar manungsa, utawa kedadeyan-kedadeyan kang tuwuh sing disebabake anane sesambungan antar manungsa. Dene konflik fisik utawa kerep diarani konflik *elemental* yaiku konflik kang disebabake anane faktor kang ora cocog antarane paraga karo lingkungan alam

Konflik *internal* lan *eksternal* nduweni sesambungan, padha nyebabake dumadine siji karo liyane, bisa uga dumadi bareng. Tegese konflik-konflik kasebut bisa dialami bebarengan karo sawijine paraga crita lan ing wektu sing bebarengan uga, masiya tingkat intensitase ora padha.

Klimaks

Klimaks kerep diarani minangka puncak sawijine konflik. Klimaks lan konflik nduweni sesambungan kang raket banget, amarga klimaks kuwi mujudake wujud saka puncak konflik. Yen ora ana konflik ora bakal ana klimaks, nanging ora kabeh konflik bisa tumuju marang klimaks.

Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 2007:127) ngandharake klimaks yaiku nalika konflik wis ana ing tingkatan sing paling dhuwur, lan ora bisa dinggati

kedadeyane. Klimaks nduweni peranan kang paling wigati tumrap pangrembakane plot. Klimaks ing kene uga bisa diarani minangka samubarang kang bisa nemtokake nasibe paraga utama. Ing sawijine karya sastra ora gampang yen pengin nemtokake klimaks, amarga klimaks ing sajrone konflik bisa luwih saka siji.

Pungkasane Konflik

Kedadeyan-kedadeyan sajrone karya sastra bisa nuwuhake konflik, konflik kasebut ana konflik *internal* lan konflik *eksternal*. Pangripta anggane nuwuhake konflik mesthi wae nduweni cara kanggo mungkasi konflik kang ana ing crita. Konflik iku dhewe tuwuh amarga kedadeyan-kedadeyan kang bisa nyebabake konflik. Ing sajrone karya sastra, konflik bisa dipungkasi kanthi seneng utawa sedhah.

Nurgiyantoro (2007:147-148) ngandharake kepriye carane pangripta olehe mungkasi salah sawijine konflik. Yaiku ora bisa dimangerteni crita kuwi kang olehe mungkasi kanthi rasa seneng utawa kuciwa, kedadeyan kaya ngene iki bisa diarane ngambang. Wujud pungkasan crita iku mau kaya mangkene :

1) Ora Tumutup

Pungkasane crita kang ora asipat tartutup iki nuju marang sawijine Pungkasane crita kang kasunyatanane durung dipungkasi pangripta. Tegese crita isih potensial dibacutake, konflik kang ana sajrone crita durung dipungkasi ateges isih ngambang. Pungkasan crita tarbuka iki uga bisa menehi kesempatan marang pamaca liya supaya nduweni gegambaran kepriya pungkasan crita kasebut.

2) Tumutup

Pungkasane crita kang asipat tartutup tumuju marang Pungkasane crita sawijine karya sastra fiksi kang wis dipungkasi, crita kuwi pancen wis mari kanthi tutupan logika.

Aristoteles (sajrone Nurgiyantoro, 2007:146) uga nduweni panemu beda bab kepriye anggane mungkasi sawijine crita. Aristoteles ngandharake yen pungkasan konflik bisa diperang dadi loro, yaiku:

1) Pungkasan seneng (*Happy Ending*)

Ing kene konflik dipungkasi kanthi rasa seneng, kaya rasa senenge antarane jalu lan wanita sing dipungkasi nikah banjur nduwe anak lan sapiturute.

2) Pungkasan sedhah utawa kuciwa (*Sad Ending*)

Yaiku pungkasan konflik kang dipungkasi kanthi cara sedhah, kadhang kala tragis lan kuciwa, kaya paraga utama kang mati, katresnan jalu lan wanita kang ora bisa nyawiji.

Landhesane Teori

Gegayutan karo panliten ngenani konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto teori lan konsep kang digunakake yaiku teori struktural Teeuw (1988:112). Salah sawijine tingkatan kang dienggo nintingi karya sastra, saengga bisa dimangerteni makna sajrone karya sastra kanthi utuh.

Unsur kang paling onjo sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki yaiku bab konflik. Konflik paraga-paraga sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki

nggunakake pamawase Nurgiyantoro, kang merang konflik dadi loro yaiku konflik *internal* lan konflik *eksternal*. Konflik *internal* yaiku konflik kang dumadi saka njerone ati utawa batin sawijine paraga crita. Dadi, konflik *internal* mujudake konflik kang dialami manungsa karo awakdhewe. Tegese mujudake masalah *intern* sawijine manungsa.

Konflik *eksternal* yaiku konflik kang dumadi antarane sawijine paraga karo bab-bab kang ana sanjabane paraga iku, bisa uga karo lingkungan alam lan bisa uga karo manungsa (Nurgiyantoro, 2007:124). Semono uga kanggo nuntingi masalah kang pungkasan, nggunakake panemune Aristoteles (sajrone Nurgiyantoro, 2007:147-148), yaiku pungkasane konflik ing cerbung *Wayang Mbujujng Lintang* kang dialami dening paraga-paraga bisa kapungkasan kanthi nggunakake cara tumutup lan ora tumutup.

METODHE

Ancangan Panliten

Panliten iki kalebu panliten kualitatif. Ratna (2013:46-47) ngandharake panliten kualitatif yaikupanliten kang menahi paedah cara-cara penafsiran kanthi nyuguhake awujud dheskripsi kang diwatesi hakekat-hakekat fakta sosial. Tegese yaiku fakta sosial sing ditafsirake saka subjek kanthi nggunakake maneka warna metodhe ilmiah. Ratna (2013:47) uga ngandharake panliten iki kalebu panliten kualitatif amarga panliten iki nuntingi salah sawijine kedadeyan utawa *fenomenal* sajrone karya sastra.

Panliten iki bakal nggunakake tingingan struktural lan metodhe kualitatif dheskriptif. Kanthi tingingan struktural lan metodhe kualitatif dikarepake bakal bisa aweh pambiyantu tumrap panulis sajrone proses nglumpukake lan nganalisis dhata kang cundhuk karo prekara kang diajokake sajrone panliten iki. Pamarekan lan metodhe iki digunakake kanggo njlentrehake lan nuntingi dhata kang ngandharake ngenani konflik intrinsik lan ekstrinsik, panyebab tuwuhe konflik lan pungkasane konflik kang ana ing cerbung *Wayang Mbujujng Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku bahan utawa objek kang diteliti sajrone panliten. Sumber dhata ing panliten yaiku karya sastra lan naskah. Ratna (2013:47) ngandharake ing ilmu sastra sumber dhatane yaiku sastra lan naskah. Cundhuk karo andharan kasebut, panliten iki kalebu panliten sastra, mula nggunakake sumber dhata kang awujud karya sastra. Sumber dhata kang digunakake panliten kaperang dadi loro yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menahi dhata tumrap panliti, dene sumber dhata skunder yaiku sumber kang kanthi ora langsung menahi dhata marang panliti. Sumber dhata primer ing panliten iki yaiku awujud teks cerbung *Wayang Mbujujng Lintang* kang kapacak ing kalawarti Panyebar Semangat sing cacahane ana 10 seri, yaiku saka No.16 sasi Mei taun 1999 nganti No. 26 sasi Juni 1999.

Sumber dhata sekunder yaiku buku-buku panyengkuyung. Buku-buku panyengkuyung iku mau ateges buku-buku literature kang nyengkuyung kanggo ngonceki konflik intrinsik lan ekstrinsik kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujujng Lintang*. Ora mung buku-buku wae, sumber dhata sekunder ing kene bisa awujud asil panliten, artikel, internet lan sapanunggalane.

Dhata

Dhata minangka objek sing bakal dikaji lan dianalisis sajrone panliten iki. Dhata mujudake pusate panliten, amarga tanpa anane dhata mokal bisa ditindakake panliten. Dhata yaiku *informasi* saka sumber dhata utawa sampel (Sunarto, 2001:130). Dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku frase, tembung, ukara lan wacana kang gegayutan karo underane panliten. Sepisan gegayutan karo konflik internal lan eksternal kang dialami dening paraga sajrone crita, kaloro panyebab tuwuhe konflik lan katelu ngenani pungkasane konflik internal lan eksternal sajrone crita.

Instrumen Panliten

Panliti mujudake instrumen utama sajrone panliten iki. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, nganalisis dhata lan nulis panliten iki. Mula saka kuwi, panliti dadi instrumen utama sajrone panliten kualitatif. Sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panliti bisa mbiji sawijine kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang kanggo asil panlitene.

Hasan (1990:15) ngandharake ana kaluwihan-kaluwihan sing bisa diasilake saka panliten sing nggunakake manungsa minangka instrumen sajrone nindakake panliten. Kaluwihan iku yaiku *responsive*, *adaptif*, manungsa minangka piranti sing bisa ngerteni sakabehe *konteks*, bisa njembarake kawruh kanthi cara langsung, bisa nindakake ngolah lan nganalisis dhata kanthi cepet lan sapanunggalane. Saka kaluwihan-kaluwihan kasebut mula panliti didadekake minangka instrument utama sajrone panliten.

Tata Cara lan Prosedur Pangumpul Dhata

Metodhe kang digunakake kanggo pangumpulane dhata sajrone panliten yaiku nganggo metodhe pustaka. Sunarto (2001:28) ngandharake yen metodhe pustaka yaiku metodhe nglumpukake dhata kang dadi pustaka sumber dhata kang awujud dhokumen. Tuladhane film, vidio, rekaman. Informasi kang dijupuk saka internet, jurnal, buku-buku lan maneka warna publikasi kang didhokumentasi.

Ing panliten, tata cara nglumpukake dhata ora bisa yen dilirwakake amarga dhata minangka samubarang kang wigati banget sajrone panliten. Tehnik panglumpuke dhata sajrone panliten bisa nggunakake studi pustaka, yaiku cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka sarta dhokumen liya (Ratna, 2013:39). Ing panliten iki nggunakake studi pustaka kanthi nggunakake sistem sandhi utawa tandha. Kanthi weneh tandha marang ukara lan tetembungan kang ana

gegayutane karo panliten iki. Tandha kasebut bisa wae garis utawa cathetan.

Tata cara kang digunakake kanggo ngumpulake dhata dening Endraswara (2008:162-163), diperang dadi telu yaiku:

a. Nemtokake Unit Analisis

Sadurunge ngudal isi crita sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* luwih dhisik nemtokake prekara utawa bab kang onjo kang arep dianalisis. Bab kang onjo kasebut babagan konflik. Panliten iki nemtokake patang bab kang wigati yaiku ngenani panyebab tuwuhe konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang*, konflik internal lan konflik eksternal kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang*, lan kepriye pungkasan konflik internal lan eksternal kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang*.

b. Nemtokake Dhata

Sawise nemtokake unit analisis, banjur maca cerbung kasebut kanthi mepeng. Sawise iku banjur ngudal cerbung *Wayang Mbujung Lintang* kanthi watesan prekara-prekara kang wis ditemtokake.

c. Nyathet Dhata

Panliten sastra mligine ing sastra tulis, dhata kang arep diteliti arupa dhata-dhata lan prelu anane cathetan-cathetan. Sajrone nyathet dhata, ana saperangan pituduh sing kudu digatekake yaiku: (a) latiyen lan persiyapan kang bener saengga bisa nyathet kanthi bener, (b) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, lan (c) nyathet tetembungan kang ora dingerteni.

Tata Cara Analisis Dhata

Analisis dhata yaiku proses ngurutake dhata sajrone pola, kategori lan satuan andharan dhasar (Patton sajrone Moleong, 2005:280). Ing panliten iki digunakake metodhe dheskriptif analisis. Metodhe dheskriptif analisis mujudake gabungan yaiku metodhe dheskriptif lan metodhe analisis. Metodhe iki digunakake kanggo njlentrehake dhata banjur nganalisis dhata sing ana. Cara kerjane yaiku njlentrehake kanyatan-kanyatan utawa dhata sing digunakake banjur dijlentrehake luwih rowa, menahi gambaran saka sing wis dijlentrehake.

Tehnik analisis dhata kang digunakake ing kene yaiku tintingan struktural. Tintingan struktural digunakake minangka lelandhesan nindakake analisis sajrone panliten. Tata cara analisis dhata sing ditindakake sajrone panliten iki kaya mangkene:

- 1) *Inventarisasi* dhata kanthi menahi tandha (garis ngisor) ing saben perangan kang wigati ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang*. Wujude perangan kang diwenehi tandha mau arupa ukara, paragraph, apa dene tetembungan kang kacuplik saka cerbung *Wayang Mbujung Lintang*. Cuplikan-cuplikan kasebut mesthine ana gegayutane karo konflik internal lan eksternal.
- 2) *Klasifikasi* dhata nduwe tujuwan kanggo milih dhata kang dibutuhake supaya gampang anggane nggolongake dhata kang selaras karo undherane panliten. Dene dhata-dhata kang selaras yaiku dhata kang dikumpulake saka underan panliten.

- 3) Nganalisis dhata kanthi teori-teori kang sadurunge wis diandharake lan dijlentrehake ana perangan-perangan sadurunge saka tulisan iki.
- 4) Ngandharake asile panliten kang luwih cetha adhedhasar underan lan ancasa panliten.
- 5) Ndudut asile panliten kang sabanjure uga dilebokake ana ing laporan asile panliten.

Andharan Asile Panliten

Andharan asile panliten iki bakal diandharake nggunakake metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif bisa ditegesi minangka urutan kanggo ngrampungake prekara sajrone panliten kanthi cara nggambarake objek panliten. Mula saka kuwi, andharan sajrone panliten iki bakal ngandharake Konflik internal lan eksternal apa wae kang dialami dening paraga sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang*, panyebab tuwuhe konflik sajrone Crita Cerbung *Wayang Mbujung Lintang*, Kejaba saka kuwi uga ngandharake pungkasan konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto.

Konflik Internal lan Eksternal

Konflik Internal

Konflik internal mujudake konflik sing dialami manungsa kang dumadi ing njero ati manungsa kuwi dhewe. Konflik internal uga bisa diarani minangka konflik batin amarga konflik internal mung bisa dirasakake sajrone atine manungsa kuwi dhewe. Saben manungsa kuwi mesthi nduweni konflik kang beda-beda lan salah sijine konflik kasebut dumadi saka jroning awake manungsa kuwi dhewe. Bab kasebut selaras karo konflik kang dialami paraga sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto. Ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* ana salah sawijine bab kang narik kawigaten yaiku konflik kang dialami paraga sajrone crita. Konflik kang ana ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* mujudake konflik kang ana ing bebrayan nalika wis omah-omah utawa bisa diarani konflik rumah tangga. Kaya apa kang wis diandharake yen konflik internal mujudake konflik kang dumadi saka njroning awake dhewe, ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* uga ana bab kang nuduhake anane konflik internal kang dialami dening paraga sajrone crita. Konflik internal kang ana ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto kayata rasa nelangsa, rasa getun, lara ati lan rasa mamang. Supaya luwih bisa ngerteni apa wae konflik internal kang dirasakake dening paraga sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto bakal diandharake ing ngisor iki.

Rasa Nelangsa

Rasa nelangsa mujudake rasa kang susah banget. Rasa nelangsa dialami dening manungsa nalika lagi nandang susah lan nandang kasengsaran. Rasa nelangsa bisa dumadi amarga faktor-faktor kang njalari kayata nelangsa amarga pawongan kasebut ngrasa yen uripe karanta-ranta. Rasa nelangsa kalebu ing konflik internal amarga rasa nelangsa kuwi mujudake konflik kang dialami dening manungsa kang ana sajrone atine

manungsa kuwi dhewe. Ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto uga ana paraga kang ngalami rasa nelangsa sajrone crita kasebut. Anane rasa nelangsa kang dialami dening paraga kayata rasa nelangsa kang dialami dening paraga Sujiati. Wujud saka rasa nelangsa kang dialami dening paraga Sujiati kasebut kaya ing ngisor iki.

Angin sore ngutahake grimis.

“Ah, sampeyan kuwi kolot. Apa kethoprak lan sragam wayang uwong kae kena nggo agul-agul? Dalan desa wis mulus Mas. Wong-wong kene yen pengin maju mesthi bleber blanja utawa ndeleng tontonan menyang kutha. Listrik uga wis murub. Akeh wong-wong kene kang wis masak nganggo kompor listrik. Duwe tivi warna. Malah Haji Munjati kae parabolane wae telu. Apa sampeyan ora pengin?”

“Ra. . .!”

“Yen ngono sampeyan ki klainan, ora seneng kambi kemajuan jaman.”
(WML/1/16/PS/1999).

Sujiati mujudake salah sawijine paraga kang nduweni sipat kang ala, amarga Sujati mujudake pawongan kang ora bisa sukur marang apa kang wis diolehi. Akibat saka sipat kang diduweni dening Sujiati mau, Sujiati uga kalebu pawongan kang gampang meri karo pawongan liyan. Pethikan ing ndhuwur mujudake rasa nelangsa kang dialami dening paraga Sujiati. Sujiati ngalami rasa nelangsa nalika Sujiati ngrasakake yen uripe susah, dheweke kepengin maju nanging garwane ora nuruti apa kang dadi pepingnane.

Rasa Getun

Getun mujudake rasa kang nyesel banget amarga wis nindakake tumindak kang miturut pawongan kasebut ala. Kadhang kala manungsa anggone nindakake samubarang kuwi ora dipikir akibat ing tembe mburine, mung mikir kasenengane wae. Bab kang kaya mangkono ndadekake pawongan kuwi nduweni rasa getun amarga tumindake dhewe sing ora dipikir dhisik apik lan alane. Rasa getun uga dialami dening paraga kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto. Paraga kang ngalami rasa getun yaiku paraga Subaron. Subaron mujudake paraga kang nduweni watek sing kasar lan main tangan. Saliyane nduweni watek kang ala paraga Subaron uga nduweni watek kang becik, kayata Subaron nduweni pamikiran kang dawa nalika arep nindakake samubarang. Ora mung kuwi wae sipat becik kang diduweni dening Subaron, Subaron uga mujudake paraga kang sabar. Wujud saka anane rasa getun kang dialami dening Subaron kaya pethikan ing ngisor iki.

Subaron dadi glagepan, bingung sanalika, mlayu mrana mlayu mreng ning ora entuk gawe. Pungkasane kagawa rasa getun Subaron nangis melung-melung.
(WML/1/17/PS/1999).

Pethikan ing ndhuwur ngandharake rasa getun kang dialami dening Subaron. Rasa getun kang dialami dening Subaron nalika Subaron mbegug garwane nganggo kayu amarga digawe nesu karo garwane yaiku Sujiati sing ora tau sukur marang apa kang di nduweni. Sejatine Subaron ora nduwe tujuwan kanggo mateni utawa nduweni nyatan elek. Bab kasebut kedadeyan nalika Subaron ora bisa ngontrol rasa nesune nganthi dheweke ora sadhar apa kang ditindakake. Rasa getun kang dialami dening Subaron uga katon diandharake ing ndhuwur kanthi ngandharake yen Subaron getun nganti nangis melung-melung. Ngetuni tumindake kang ditujokake marang garwane.

Lara Ati

Lara ati mujudake rasa kang dialami dening manungsa nalika pawongan kasebut rumangsa dilarani dening wong liya. Rasa lara ati kang dialami dening manungsa bisa disebabake amarga omongan utawa tumindake wong liya kang nyebabake pawongan kasebut rumangsa dilarani. Rasa lara ati uga bisa nyebabake manungsa nindakake tumindak kang kasar marang wong liya amarga ora bisa ngontrol emosine. Ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki ana kang nggambarake rasa lara ati kang dialami dening paraga sajrone crita. Rasa lara ati kang dialami paraga siji lan sijine kuwi beda-beda, ana kang ngalami rasa lara ati banjur tumindak main tangan lan ana paraga kang ngalami lara ati nanging mung dipendhem wae. Wujud saka rasa lara ati kang dialami paraga sajrone crita kaya andharan ing ngisor iki.

Wiwitane mung saka guyon, amarga jengkel Sujiati njur nggabung bokong, bokonge Subaron. Ning dhasare manungsa kadhang kaya kucing, saka guyon sateruse njur panas dadi kerah. Hla ya jenenge bae wong omah-omah, adhem anget kaya adhem angete sega jangan sadina-dina. Hladalah kulinane sing dadi sumbering perkara dhuwit. Uga perkara bandha, kaya kang digonjingake dening Subaron lan Sujiati sore kuwi.

“Aku yen nuruti sampeyan terus ora bakal maju, Mas!”
(WML/1/16/PS/1999).

Andharan ing ndhuwur nduduhake rasa lara ati kang dialami dening paraga Sujiati amarga garwane yaiku Subaron nduwe nyatan mung ngguyoni Sujiati nanging guyonan kasebut marai Sujiati lara ati utawa mangkel. Sujiati pancen mujudake pawongan kang gampang kesinggung. Mula saka kuwi nalika Subaron mung nduwe nyatan kanggo guyonan wae, Sujiati langsung lara ati lan mangkel karo garwane kuwi. Wujud lara atine Sujiati ing andharan kasebut bisa dideleng nalika paraga Sujiati nggabung bokonge Subaron. Tumindake Sujiati kang kaya mangkono nggambarake rasa lara atine bisa nyebabake paraga Sujiati kasebut

nindakake tumindak main tangan lan kasar marang garwane dhewe.

Rasa Mamang

Rasa mamang mujudake rasa kang bimbang, utawa rasa nalika sawijining pawongan kang nduweni kekarepan nanging ing atine tuwuh pangrasa kang gegayutan karo tetimbangan tumindake. Rasa mamang biyasane dialami dening manungsa nalika manungsa kasebut ora percaya marang awake dhewe. Nalika manungsa arep nindaakake samubarang nanging manungsa kasebut ora percaya marang awake dhewe kuwi bisa nyebabake rasa mamang kang tuwuh sajrone atine manungsa kasebut. Rasa mamang kalebu konflik internal amarga rasa mamang mujudake rasa kang mung bisa dirasakake jroning awake manungsa kuwi dhewe. Ing cerbung *Wayang Mbujujng Lintang* kang nduweni konflik internal ngenani rasa mamang yaiku paraga Subaron. Wujud yaiku kaya kang bakal diandharake ing pethikan kaya mangkene.

“Pak boten usah! Dhik Sujati menika boten kesambet setan.”

“Ja keminter kowe”

“Saestu, niki boten kenging setan, ning ambruke. . .” Subaron pengin ngaku, ning dipikir-pikir mengko gek maratuwane salah tanpa pungkasan masalah malah kedawa-dawa. (WML/1/17/PS/1999).

Saka pethikan ing ndhuwur nduduhake yen paraga Subaron nduweni rasa mamang nalika dheweke kepethuk karo maratuwane. Nalika ana maratuwane ing omahe Subaron amarga ngerteni garwane Subaron semapat, Subaron ngalami rasa mamang arep ngandharake apa sing sabenero kedadeyan antarane Subaron lan garwane yaiku Sujati. Subaron mamang amarga dheweke ora gelem yen maratuwane kuwi salah paham karo dheweke yen Subaron ngandharake kedadeyan kang sabenero yen Subaron kuwi sejatine wis nggebug garwane nganti semapat. Sejatine rasa mamang sajrone crita ora mung dialami dening Subaron.

Konflik Eksternal

Konflik eksternal mujudake konflik kang dialami dening manungsa dumadi saka manungsa kasebut karo bab kang ana sanjabane manungsa kayata lingkungan kang ana sakupenge lan bisa uga saka manungsa liya kang bisa mangaribawani. Konflik kuwi ora mung dumadi saka jrone awake manungsa dhewe, nanging konflik uga ana amarga pangaribawa saka wong liya utawa lingkungan kang ana ing sakupenge manungsa kasebut. Konflik eksternal uga diperang dadi loro yaiku konflik fisik lan konflik sosial. Konflik fisik dumadi amarga disebabake anane faktor kang ora cocog antarane manungsa karo lingkungan alam kang ana ing sakupenge manungsa kasebut. Konflik sosial dumadi amarga anane kontak sosial antar manungsa siji lan manungsa liyane, utawa kedadeyan-kedadeyan kang tuwuh sing disebabake anane sesambungan antar manungsa. Saka andharan kasebut uga selaras karo anane konflik eksternal kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujujng Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki. Ing cerbung

kaebut ana paraga kang ngalami konflik ekstrenal. Konflik ekstrenal kang dialami dening paraga sajrone crita luwih akeh konflik eksternal kang sipate sosial utawa konflik kang duamdi amarga sesambungane paraga siji lan paraga liyane tinimbang konflik fisik. Anane konflik eksternal kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujujng Lintang* kang dialami paraga sajrone crita kang disebabake dening sesambungane karo paraga liya yaiku kayata iri marang wong liya, ngapusi wong liya lan ngancem wong liya. Supaya bisa luwih ngerteni konflik eksternal apa wae kang ana sajrone crita bakal diandharake ing ngisor iki.

Iri marang wong liya

Iri mujudake salah sawijine sipat kang diduweni dening manungsa, rasa iri disebabake amarga manungsa kasebut ora nduweni rasa sokur marang apa kang wis diolehi. Iri miturut Pranowo lan Sudaryanto (2001: 335) iri mujudake rasa kang ora seneng atine dening kabungahane wong liya. Saka andharan kasebut bisa dingerteni yen iri mujudake rasa kang diduweni manungsa kang ora seneng yen wong liya kuwi seneng lan bungah. Ora mung bab rasa ora seneng yen wong liya bungah wae, nanging uga ana iri kang disebabake amarga faktor liyane. Rasa iri bisa dialami dening sawijine pawongan nalikane pawongan kasebut kepengin nduweni apa kang diduweni wong liya, kayata bab bandha. Bandha mujudake salah sawijine faktor kang bisa nuwuhake rasa iri marang wong liya. Wong urip ing ndonya kuwi mesthi mbutuhake bandha, amarga anane bandha manungsa bisa nerusake urie ing alam donya iki. Ing cerbung *Wayang Mbujujng Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki uga ana kang nuduhake rasa iri kang dialami dening paraga. Rasa iri kang dialami dening paraga kasebut disebabake amarga faktor bandha ndonya. Ana salah sawijine paraga kang nduweni sipat kang ala lan senengane iri marang apa kang diduweni dening wong liya. Salah sawijine paraga kang nduweni rasa iri marang wong liya yaiku paraga Sujati kang nduweni rasa iri marang tangga teparone amarga bandha kang diduweni tanggane kasebut. Wujud saka rasa iri kang diduweni dening Sujati kayata pethikan ing ngisor iki.

“Sumpah mampus, Mas.Yu Kemi mulih nunggang sedhan alus-lus ngungkuli kaca, dhuwite saumbruk ora entek dipangan pitung turunan”.

“Pret! Dhuwit meneh, apa lo bedane dhuwit karo jenggot?” Subaron ngotot.

Sujati mendelik, mangkel, “Dhuwit kok dipadhakake jenggot.” (WML/1/16/PS/1999).

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dingerteni rasa iri kang diduweni dening paraga Sujati marang sawijine tanggane yaiku Yu Kemi. Sujati mujudake pawongan kang ora gelem sokur marang apa kang wis diduweni dening dheweke. Bab kasebut ndadekake Sujati dadi pawongan kang gampang iri karo wong liya, apamaneh yen ngerteni pawongan kang luwih sugih lan nduweni apa kang ora diduweni dening Sujati. Andharan ing ndhuwur ngandharake rasa iri kang diduweni dening

Sujiati marang Yu Kemi kang lagi wae mulih dadi TKW. Yu Kemi sawise dadi TKW bisa tuku mobil sedhan kang apik banget lan dhuwite akeh banget. Saka kahanane Yu Kemi kang kaya mangkono ndadekake rasa iri marang Sujiati kang rumangsa ora nduwe mobil sedhan lan dhuwit kang akeh banget kaya kang diduweni dening Yu Kemi. Rasa iri kang diduweni Sujiati mujudake bab kang asipat ala, amarga manungsa kuwi kudu tetep sokur marang apa kang wis diparingake Gusti amarga bandha ndonya kuwi wis diatur dening Gusti. Sujiati mujudake pawongan kang ora bisa sumeleh marang kahanan kang diduweni.

Ngapusi Wong liya

Ngapusi wong liya mujudake salah sawijine konflik eksternal kang ana ing panguripane manungsa. Pawongan kang seneng ngapusi wong liya sejatine pawongan kasebut nduweni tujuwan kang apik kanggo awake dhewe lan ora mikirake pawongan kang diapusi dening dheweke. Wong kang senenange ngapusi wong liya kuwi mesthi kalebu pawongan kang nganggo sakarepe dhewe amarga ora mikirake wong liya, sing dipikirake mung awake dhewe sing penting dheweke seneng. Bab kang kaya mangkono uga ana ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki. Ing crita kasebut ana sawijine paraga kang kerep ngapusi wong liya kanggo nyenengake lan maremake awake dhewe. Wujud saka paraga kang kerep ngapusi wong liya kanggo kemaremane awake dhewe yaiku kaya andharan ing ngisor iki.

Kocapa ta Mbah Teguh Karyo sing wis mbuyuti teka,

“Ana gara-gara apa?” Subaron ora kober kandha, ora kober nyauri pitakonane sang maratuwa.

“Lha kuwi bojomu kokpakake?”

“Nggeblag.”

“Nggeblag, lha kok geblagake apa nggeblag karepe dhewe?”

“Nggeblag kesambet.”

“Lha rak bener kandhaku ta, lemah pekarangan iki kawit mbiyen panas.” (WML/1/17/PS/1999).

Saka andharan ing ndhuwur bisa dingerteni yen paraga kang ngapusi wong liya yaiku paraga Subaron kang ngapusi Teguh Karyo yaiku maratuwane dhewe. Nalika Sujiati yaiku garwane Subaron semapat amarga digepuk kayu dening Subaron. Subaron ngapusi maratuwane yen garwane kuwi mau semapat amarga nggeblag karepe dhewe, ora ngaku yen Subaron dhewe kang nggepuk garwane nganti semapat. Akibat saka Subaron ngapusi kuwi mau ndadekake paraga Teguh Karyo mikir sing ora-ora yen lemah pekarangan kuwi akeh memedine. Dhasarane Teguh Karyo kuwi uga kepingin supaya Subaron ngedol lemah pekarangan kuwi. Ana kedadeyan kaya mangkono Teguh Karyo tambah nduweni kasempatan kanggo ngojok-ngojoki Subaron supaya ngedol lemah pekarangane kuwi mau.

Ngancem Wong Liya

Ngancem wong liya mujudake salah sawijine tumindak kang ala lan nduweni gegayutan karo nyawa lan kaselametane wong liya. Tumindak kang kaya mangkene biasane di tindakake nalika pawongan kasebut lagi ana ing kahanan kang mepet banget lan bingung arep tumindak apa banjur salah sawijine cara kanggo nguculi prekara kang dialami dening dheweke yaiku ngancem wong liya. Saka andharan kasebut ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* uga ana kedadeyan kang nggambarake anane ngancem wong liya kang ditindakake dening salah sawijine paraga kang ana sajrone crita. Paraga kasebut ngancem paraga liyane amarga paraga kasebut bingung lan ora ngerti arep tumindak apa. Salah sawijine paraga kang nindakake kaya mangkene yaiku paraga Sujiati. Wujud saka tumindake Sujiati kang ngancem wong liya yaiku kaya andharan ing ngisor iki.

“Ngaten, Pak Dhe Kariman.”

“Engko sik, kowe pa isih nde turahan rokok.”

Sujiati getem-getem, campur geli. Ambak ngono dheweke kepeksa nyeler uthilan rokoke garwane, “Ning bar niki kula nedhi tulung lo, Dhe.”

“Njaluk tulung apa?”

Sujiati ngangkat gandhen kayu gligen persis ing ndhuwur sirahe Kariman Tekle kang wis putih rambute.

“E, lo apa salahku kok kowe ngancam?”

Sujiati bisik-bisik. Kariman Tekle njomblak, “Apa? Bojumu kok pateni, edan pa?”

“Kula boten guyon! Ning tulung mang buncalke layone teng kali. Pokoke nek sampeyan boten sanggup, sampeyan ugi badhe manggih nasib ingkang sami, sampeyan badhe kula rampungi dalu niki ugi.” (WML/1/24/PS/1999).

Saka andharan kasebut bisa dingerteni nalika paraga Sujiati ngancem Pak Dhe Kariman Tekle kanthi cara ngangkat gandhen kayu gligen ing ndhuwur sirake Pak Dhe Kariman. Kaya andharan ing ndhuwur Sujiati temenan ngancem Pak Dhe Kariman ing dina kuwi, bab kasebut uga diandharake Sujiati yen dheweke ora guyon anggane ngancem Pak Dhe Kariman. Ancemane Sujiati marang Pak Dhe Kariman kuwi nduweni tujuwan supaya Pak Dhe Kariman gelem anggane nulungi Sujiati kanggo mbuwang layone garwane Sujiati yaiku Subaron ing kali. Andharan ing ndhuwur uga ngandharake yen menawa Pak Dhe Kariman ora nuruti apa kang dadi kekarepane Sujiati, Pak Dhe Kariman bakal dipateni padha karo garwane Sujiati. Pak Dhe Kariman ing omahe Sujiati kuwi tujuwane kanggo ngobati Sujiati amarga Pak Dhe Kariman mujudake salah sawijine dhukun kang ana ing desane. Krungu yen Sujiati maune semapat banjur Pak Dhe Kariman mara ing omahe Sujiati. Bareng wis tekan omahe Sujiati Pak Dhe Kariman malah sing diancem karo Sujiati dikon mbuwang layone garwane ing kali. Wedi karo ancemane Sujiati, banjur Pak Dhe Kariman

nuruti apa kekepareane Sujati. Saliyane ngancem, ing andharan kasebut uga ana raja pati kang ditindakake dening Sujati marang Subaron kang ora liya yaiku garwane dhewe. Sujati tega nindakake tumindak kasebut amaraga dheweke wis kebel napsu, uga dheweke males dhendham amarga Sujati uga mari dibegug karo Subaron nganti Sujati semapat. Saka bab kasebut banjur Sujati wani mateni Subaron.

Panyebab Tuwuhe Konflik sajrone Cerbung Wayang Mbujung Lintang anggitane ST. Sri Purnanto

Nalika ngrembag konflik kuwi mesthi ana saperangan panjurung kang njalari tuwuhe konflik kang ana sajrone crita. Saka panjurung kanggo nuwuhake konflik kuwi mesthi beda-beda. Supaya bisa ngerteni luwih cetha apa wae panyebab konflik kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang anggitane ST. Sri Purnanto* bakal diandharake ing ngisor iki.

Faktor Ekonomi

Konflik kuwi bisa dumadi saka bab apa wae, salah sawijine bab kang bisa ndadekake anane konflik yaiku faktor ekonomi. Manungsa urip ing ndonya mesthi nduweni kabutuhan kanthi aran kabutuhan ekonomi. Kabutuhan ekonomi kalebu kabutuhan kang tetep lan ora bisa diowahi maneh amarga manungsa uga butuh mangan, ngombe, nganggo sandhangan lan liya-liyane. Konflik kang biasane ana ing panguripane masyarakat akeh banget kang disebabake karo faktor ekonomi. Apamaneh yen pawongan kasebut wis nduweni kaluwarga dhewe utawa wis omah-omah dhewe. Kanggone pawongan kang wis nduweni kaluwarga utawa kang wis omah-omah, konflik kang dumadi disebabake karo faktor ekonomi wis ora dadi prekara kang anyar. Saben pawongan kang wis omah-omah mesthi tau ngalami konflik kang disebabake karo faktor ekonomi. Saka andharan ing ndhuwur ngenani konflik kang disebabake anane faktor ekonomi selaras karo anane konflik kang disebabake faktor ekonomi ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang anggitane ST. Sri Purnanto*. Crita ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang anggitane ST. Sri Purnanto* iki ana salah sawijine paraga kang ana sajrone crita kasebut kang ngalami konflik kang disebabake amarga faktor ekonomi. Paraga kang ngalami konflik sing sebabake karo anane faktor ekonomi yaiku paraga Subaron lan paraga Teguh Karyo kang ora liya yaiku maratuwane paraga Subaron dhewe. Konflik antarane paraga sakrolon yaiku kaya andharan ing ngisor iki.

Kowe pa ra eling karo patine wong tuwamu sakloron? Iki mau piye nalare? Yen mara-mara nggeblag genah bojomu ki digujer setan. Omah pekaranganmu ki ijolna wae sing rada minggir, Ron. Nggugua ta karo pituture wong tuwa, aja mbegudel gawe aturan dhewe! Lha kowe kuwat ngenggoni, balik Sujati anaku, aku ora lila yen bola-bali kesambet dhemit. Mulane omah lan pekarangan iki culna wae menyang tangane jragan Sarjiyo, dadekna dhuwit rak bar. (WML/1/17/PS/1999).

Saka andharan kasebut bisa dingerteni anane konflik antarane paraga Subaron lan Teguh Karyo. Paraga Subaron mujudake paraga kang nduweni pendhirian kang kuwat banget lan dheweke uga kalebu pawongan kang nrima ing pandum. Teguh Karyo kang ora liya yaiku maratuwane Subaron kuwi mujudake pawongan kang nduweni sipat kang ala. Paraga Teguh Karyo mujudake pawongan kang ora adoh saka Sujati yaiku anake. Dheweke ora bisa nrima ing pandum lan kedonyan. Kaya pethikan ing ndhuwur kang ngandharake anane konflik antarane Subaron karo Teguh karyo kang disebabake Teguh Karyo kepingin Subaron ngedol pekarangan warisan saka wong tuwane Subaron. Teguh Karyo nduweni karep supaya pekarangan kasebut didol lan dadi dhuwit, amarga yen pekarangan kang diduweni dening Subaron wis dadi dhuwit, dhuwit asil pekarangan kasebut bisa digawe Teguh Karyo. Mula saka kuwi Teguh Karyo kepingin banget Subaron nuruti apa kang dadi kekepareane dheweke supaya ngedol pekarangan kasebut. Anggone Teguh Karyo kang kepingin banget kanggo ngedol pekarange Subaron nganti nduweke nggawa-nggawa wong tuwane Subaron kang wis seda kanggo ngelingake Subaron kaya andharan ing ndhuwur. Subaron kang pancen kalebu pawongan kang nduweni pendhirian kang kuwat ora owah pamikiranane senajan didhedhes karo maratuwane. Subaron tetep ora bakal ngedol lemah pekarangan paninggalane wong tuwane amarga miturute Subaron percaya yen lemah paninggalane wong tuwane kuwi didol mengko mesthi malati.

Konflik kang ana antarane paraga Subaron karo paraga Teguh Karyo kang dumadi amarga faktor ekonomi kasebut kalebu ing panyebab tuwuhe konflik kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* amaraga konflik kasebut kalebu konflik kang ana sesambungane karo wong liya karo prekara ekonomi.

Limbah Pabrik

Limbah pabrik mujudake salah sawijine faktor kang nyebabake tuwuhe konflik kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang anggitane ST. Sri Purnanto*. Limbah pabrik nyebabake konflik antarane warga karo para pangadeg bangunan. Saka konflik kasebut ndadekake para warga demo. Limbah pabrik saka pabrik kecape Lie Hong Cie ambune ora penak banjur ndadekake warga ora seneng. Andharan kasebut ana ing ngisor iki.

“Aryo Penangsang nguntir brengose sing njlabrang. Sida temenan, plaza ngadeg, pabrik kecap ngadeg, lhadalah para pedunung Purung ndadak rumangsa sumpeg.

Pabrik kecap duweke Lie Hong Cie, nomere nomer siji, nanging ambune buwangan limbah tekan ngendi-endi. Lumrah yen pedunung kiwa tengen njur padha srengen.

Dhukuh Purung wis ora sepi, pabrik ngadeg, listrik murub, lan plaza uga wis ana, Lie Hong Cie wis otomatis dadi ratune bandha, dene kanggo awer-awer yen ana

berhala saka pihak panguwaa, sapa maneh
yen dudu juragan Sarjiyo.
(WML/7/41/PS/1999)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa mangerteni ngenani kahanan kang saiki ana ing desa Purung. Nalika wiwitane para warga padha sarujuk yen bakal diadhegake plaza lan pabrik. Nanging dina lan dina kliwati para warga wiwit ora seneng amarga limbah kang diasilake pabrik kecape Lie Hong Cie nyebar ganda ing desa kasebut. Apamaneh Lie Hong Cie ora kepengin weruh bab kasebut amarga ndhisik para warga wis sarujuk.

Monopoli Dagang

Monopoli dagang uga dadi saperangan kang nyebabake tuwuh konflik antarane para warga karo wong kang nguwasani plaza Purung. Monopoli dagang mujudake kagiyatan manfaatake kahanan para warga kanthi cara ngolah asil para pedagang ngapusi pedagang supaya apa kang diasilake pedagang kuwi mau dadi sithik. Bab kasebut uga dadi panyebab anane konflik kang ana sajrone cerbung. Anane perangan kasebut bisa dibuktekake karo pethikan ing ngisor iki.

Protes kang mula bukane saka sapletik geni, saka ora senenge wong-wong marang monopoli dagang dadi ngambra-ambra, dadi jembar swarane.

Ngadhepake srengenge tumungkul ing lambe bumi, wong-wong isih rame, isih umeg protes perkara plaza.
(WML/9/19/PS/1999)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake anane bukti yen sasuwene iki ana kagiyatan monopoli dagang ing plaza Purung. Nanging ana paribasan barang sapa sing sengaja ndhelikake tumindak kang ala, sakabehe kuwi bakal kebuka dhewe. Saiki para warga wis mangerteni yen ana monopoli dagang, mula para warga demo lan pengin mbubarake plaza Purung.

Pungkasane Konflik

Konflik kang ditandang dening para paraga kuwi kudu diwedhar lan crita kudu dipungkasi. Pamungkasaning crita mujudake sawijine kedadeyan tartamtu minangka akibat saka klimaks, kedadeyan iki nduduhake kepriye pungkasan sawijine crita. Sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* iki paraga-paragane nduweni cara anggane mungkasi konflik-konflik kang dumadi. Saka sakabehane konflik kang ana ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* iki meh kabeh dipungkasi kanthi cara ora tumutup.

Pungkasane konflik asipat ora tumutup yaiku pungkasan crita kang kasunyatanane durung dipungkasi dening pangripta. Teges liyane crita isih bisa diterusake utawa crita isih ngambang (Nurgiyantoro, 2009:148). Banjur crita iki ateges isih bisa diterusake, lan sing bisa mungkasi yaiku para pamaose dhewe, amarga crita kang ana dipungkasi kanthi cara ora tumutup utawa yen saiki kerep diarani crita kang pungkasan nggantug kuwi, sejatine nduwe kekarepan liya yaiku menehi kesempatan

marang para pamaos kanggo napsirake, utawa mungkasi konflik iku dhewe.

Pangripta sajrone menehi pungkasan konflik sing ora tumutup kuwi nduweni tujuwan kanggo nambah unsure *estetik* ing karyane. Kanthi mangkono para pamaos nduweni rasa penasaran, lan bisa nggambarake dhewe kepriye pungkasan crita kasebut. Saka andharan ing ndhuwur bisa dibuktekake pethikan kang ana ing ngisor iki.

“Hi hi hi hieh hieh . . . !

Subaron lan Kariman Thekle tumoleh bareng, katon sesawangan kang banget gawe kejut. Subaron banjur mbengok seru, “Suji!”

Sujiati sing setengah wuda kanthi rambut dawa acak-acakan malah mendelik angker. Subaron mundur, kagete durung luntur. Kariman Thekle maju rong jangkah, karepe awesh krenah, ning kojur Sujiati sing lagi bramantya kuwi ngetog tenaga sarosane, Kariman Thekle ora ngira lan ora siyaga marang bakal dumadine bebaya. Pungkasan, jan kojur temenan, dhadha tuwane Kariman kang kuru lan ora pati ketutup klambi kuwi diantem sarosane dening Sujiati kang lagi owah pikirane. Wasana, Kariman Thekle kontal, lan terus nggeblag sakala.

Hong Cie, Hi hi hi, ayo mreneya legane atiku sida dakuntal malang dakkremus-kremus temenan, ayo mreneya dakmamah-mamah warasan!” Sujiati ngadeg jejeg, untune gathik netra mendelik, rambut dawa awut-awutan lan setengah nglegena kahanane, ndadekake Sujiati katon sangar.”
(WML/10/20 lan 38/PS/1999).

Pethikan ing ndhuwur nduduhake saperangan bab kang nyengkuyung pungkasan konflik ing crita iki. Sujiati pawongan wadon kang digambarake kadonyan sajrone crita kuwi ndilalah ing pungkasan crita dadi owah pikire. Ing kono sanalika Subaron lan Kariman Thekle medhayoh ana pekarangane Teguh Karyo, wong sakloron kuwi kaget merga apa kang wis kedadeyan marang Sujiati. Subaron ora ngira yen wong kang dadi pepujane atine kuwi dadi wong sing pikirane ora waras. Sujiati uga ngamuk lan nyeluk pawongan-pawongan sapa wae kang wis nate nglarani atine kaya dene Kariman Thekle lan Lie Hong Cie. Pethikan ing ndhuwur nggambarake Sujiati dadi pawongan sing ora waras utawa gendheng, nanging sajrone crita iki ora diandharake amarga apa Sujiati bisa dadi kaya mengkono. Saka kene para pamaos bisa ngarang crita dhewe amarga apa Sujiati bisa dadi wong sing owah pikire.

Panutup Dudutan

Konflik kang ana ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto nduweni tema kang pdha yaiku ngenani konflik sosial kang ana ing panguripane bebrayan saiki. Konflik kang dumadi sajrone cerbung kasebut mujudake gegambaran konflik kang dumadi ing panguripan sabendina.

Adhedhasar andharan kang wis diandharake ing ndhuwur bisa digawe dudutan kang kapisan ngenani panyebab tuwuhe konflik kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto yaiku 1) Faktor Ekonomi, 2) Limbah Pabrik. 3) Monopoli dagang.

Perangan Kapindho yaiku ngenani struktur, konflik internal lan eksternal sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto yaiku 1) struktur crita kang ana sajrone cerbung (1) tema, tema ing kene diperang dadi loro yaiku tema mayor lan tema minor utawa tema panyengkuyung. Tema mayor kang ana sajrone cerbung kasebut yaiku kadonyan. Tema minor utawa tema kanggo panyengkuyung yaiku kacingkrangan lan meri. (2) Setting utawa latar, ing cerbung *Wayang Mbujung Lintang* iki setting kang ana sajrone crita diperang dadi loro yaiku panggonan lan wektu. Setting panggonan ana 9 yaiku Omahe Subaron, Pawon, Pinggir Kali, Omahe Teguh Karyo, Plataran omahe Kariman Tekle, Pasar Baru Purung, Ruwangan Kantor/Bank Maju Mapan, Salon Ayu lan Ing Kalenan. Setting wektu diperang dadi 5 adhedhasar wektu kang ana sajrone crita yaiku wayah sore, wayah dalu/wengi, dina iki, mbenjing lan dhek wingi. (3) Paraga lan Pamaragan, paraga utama kang ana sajrone crita yaiku Subaron lan Sujiati banjur paraga panyengkuyung yaiku Teguh Karyo, Kariman Thekle, Si Kemi alias Mike, Suratimantra, Aryo Panangsang, Lie Hong Cie, Sarjiyo, Samiaji, Sulindri, Mbok Dhe Saodah. (4) Alur, alur kang ana ing cerbung iki kalebu jinis alur maju yaiku alur kang nduweni dalan crita anane tetepangan, konflik lan perangan pungkasan kang uga dadi pamungkasing konflik. 2) konflik internal kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki yaiku rasa nelangsa, rasa getun, lara ati lan rasa mamang. 3) konflik eksternal utawa konflik kang oleh panyengkuyung saka njaba awake dhewe yaiku iri marang wong liya, ngapusi wong liya lan ngancem wong liya.

Perangan kang kaping papat yaiku pamungkasing konflik. Pamungkasing konflik kang digambarake dening pangripta yaiku asipat ora tumutup yaiku crita kang kasunyatanane durung dipungkasi dening pagripta. Saka andharan kasebut bab kang paling onjo saka anane konflik internal lan eksternal yaiku konflik eksternal ing perangan konflik iri marang wong liya.

Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten kang isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan struktural kang digunakake kanggo njlentrehake konflik intrinsik lan konflik ekstrinsik kang

ana sajrone cerbung. Panliten ngenani konflik kang ana sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* kanggo ngerteni konflik apa wae kang ana ing crita kasebut.

Panliten ngenani konflik sajrone cerbung *Wayang Mbujung Lintang* anggitane ST. Sri Purnanto iki dikarepake bisa menahi piguna tumrap pamaos kanggo ngripta lan ngrembakakake sastra mligine sastra Jawa modern kang dirasa saya suwe saya cures. Panliten iki uga dikarepake bisa menahi sumbangsih kanggo pangrembakane pengetahuan bab karya sastra kanthi nggunakake tintingan struktural. Panliti sadhar yen panliten iki isih adoh saka tembung sampurna, mula pitedah kang asipat mangun supaya luwih becik kanggo panliten isih banget dibutuhake kanggo panliten.

Kapustakan

- Agustina, Dwi Siska. 2007. "Konflik Tokoh Dalam Cerbung Asmaradana Pangikete Tresna Asih karya Ny. Suyati yang dimuat pada majalah Jaya Baya tahun 2003". (*Skripsi ora diterbitake*). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Apriyani, Dwika. 2010. "Konflik Sosial ing Cerbung Sing Kendhang lan Sing Nggadhang anggitane Suryadi W.S.". (*Skripsi ora diterbitake*). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Damono, Supardi Djoko. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Kalika Press
- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Surabaya: Unesa University Press.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: Epistemology, Model Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: MedPress.
- Hanum, Kholidiyah. 2015. "Konflik sajroning Antologi Crita Cekak Mawar Abang anggitane Ariesta Widya" (*Skripsi ora diterbitake*). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Hasan. 1990. *Penelitian Sastra:Teori, Metode, dan Tehnik*. Jakarta: PT Gramedia.
- Luxembung, Jan Van Ikk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitataif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Najid, Moh. 2003. *Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press bekerjasama dengan Kreasi Media Promo.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko dkk.2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Pranowo lan Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Santoso, Wijaya Heru, Wahyuningtyas, Sri. 2010. *Pengantar Apresiasi Prosa*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Sukada, Made 1993. *Pembinaan Kritik Sastra Indonesia: Masalah Sistematis Analisis Struktur Fiksi*. Bandung: Angkasa
- Sunarto. 2001. *Metodologi Penelitian Ilmu Sosial dan Pendidikan*. Surabaya: Unesa Press.
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Prinsip-Prinsip Dasar Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.
- Teguh. 2006. *Perselingkuhan sebagai Bentuk Konflik Rumah Tangga dalam Cerbung "Rembulan Ndhuwur Wuwungan" Karya Sugeng Wiyadi*. (<http://www.teguh1wir.com>). Diakses tanggal 10 Januari 2016.
- Wellek, Rene dan Agustin Warren. 1995. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia.

